



## CHIEDZA CHENYIKA

World Weekend yeMunaMato | 1-2 Chikumi 2024



### Bhaibheri rinotsigira.

The Viva World Weekend of Prayer ndeyevana, kunyanya kuita kuti vana vanamatire vamwe vana. Dingindira ra2024 ndere **“Chiedza chenyika”** kubva mundima 5 muna Johane 9 apo Jesu anoti, “Ndichiri munyika, ndiri chiedza chenyika. Chitsigiso cheBhaibheri ndi **Johane 9**, umo makanyorwa nezve kuporeswa kwebofu.

### Viva yakatanga sei.

Patrick McDonald, muvambi weViva, anotaura nezve chiratidzo chaakaona paishanda nemishoni yemunharaunda yevana vakabatanidzwa mumigwagwa muSouth America. Patrick akaona pikicha yepasi husiku, ichitenderera zvine hunyoro munzvimbo yayo asi neimwe nzira “yakasviba”... Ipapo ipapo kamwe, mapini mashoma echiedza akabuda: madiki, asina kusimba, uye asina kukosha. Ipapo pakanga pane zvakawandawanda, uye vakatanga kubatanidza munzvimbo dzechiedza chakafukidza nzvimbo. Mamiriro ekunze akachinja neimwe nhanho uye akawedzera kusimba nekupenya. Patrick akaziva kuti chiratidzo chaive mhinduro yaMwari kumubvunzo wake wekuti, “Chirongwa ndechei? Ko, Ishe munotarisa kuzadzisa sei zvinodiwa nevana vose ava?” Chiratidzo chacho chaimiririra kuunganidzwa kukuru kweungano dzakasimudzirwa kuita chiito, dzakabatana mumambure, uye dzakashongedzerwa kune zvakafanana .<sup>1</sup>



World Weekend yeMunamato Kambodhiya  
2023



## CHIEDZA!

<sup>1</sup>Hwirudzurai muchitsauko chinoti, “Hubs of Light” chebhuku rinonzi ‘Mwoyo waMwari Wevana’ 2022, Langham Literature.

# World Weekend yeMunamato 2024

## Zviwanikwa.

Gwaro rezvishandiso iri rinopa madingindira mana kubva murungano yaJohani 9 ane zviitwa, vhesi rekurangarira nemibvunzo yekushandisa kuvhura nguva yekuti vana vatungamire vamwe mumunamato. Inosanganisirwa zvipupuriro kubva pakupera kwesvondo ra2023. Mifananidzo, nziyo, PowerPoint mharidzo uye gadziriro yemazuva makumi maviri nemasere inogona kuwanikwa pawebhusaiti, [www.worldweekendofprayer.com](http://www.worldweekendofprayer.com)

## Madingindira mana (Themes)

- i) **Mabasa aMwari** - chikuru chinotariswa kuvana vekutanga zera
- ii) **Munokahadzika neiko?** - inosanganisirwa vana vakura uye vechidiki
- iii) **Jesu ndiani?** - kune vechidiki
- iv) **Kutenda muna Mwari** - kune vechidiki uye vakuru



World Weekend yeMunamato Latin America 2023

Vana vanogona kunamata nenzira dzakawanda: kugadzira munamato katatu; ita muti wemunamato; nyora minamato pamabharumu; isa minamato patumapepa tweekunamira; kana kushandisa mavhidhiyo, ane live exchange.

## Zvinamato zvekunamatira vana

- i) Rugare nerudo mumba nemumhuri mangu.
- ii) Zvokudya zvakanakwana kuti tidye, mvura yakachena yokunwa, mbatya dzokupfeka, uye utano hwakanaka patinorwara kana kukuvara.
- iii) Rugare nokuguma kwechisimba munzira dzangu.
- iv) Nokuda kwedzidzo, kuti ndinogona kuenda kuchikoro uye kudzidziswa nevadzidzisi vane mutsa, vane rudo.
- v) Dziviro uye chengetedzo kubva kune vanodheerera uye matsotsi.
- vi) Maonero achinja kuvana kuti vanhu vakuru vasatarisire pasi, kufuratira kana kuzvidza vana.
- vii) Machechi akawanda kuti ashande pamwechete muguta redu nechido chekusimudzira hupenyu hwevana.

## I: Mabasa aMwari



### Inosimbisa nyaya Johani 9:1-12

Rimwe zuva Jesu paakanga achifamba nevadzidzi vake vakaona mumwe murume achipemha. Akanga ari bofu kubva pakuberekwa. Vadzidzi vakabvunza vakati, “Rabhi, ndianiko akatadza, murume uyu kana vabereki vake, kuti aberekwe ari bofu? Jesu akavaudza kuti vaibvunza mubvunzo usiri iwo. Asi izvi zvakaitika kuti simba raMwari rionekwe. Jesu akati, “Ndichiri munyika, ndiri chiedza chenyika.” Jesu akapfira mate pasi, akakanya mate nevhu ndokuriisa pameso omurume wacho. Akamuudza kuti aende kundoshamba mudziva reSiroami, nzvimbo inokosha. Murume akaenda. Akageza. Chishamiso! Akanga ava kuona. Vavakidzani vake pavakasangana naye, vamwe vakakahadzika kuti chishamiso ichi chakanga chaitika. Vaiti aingove murume aiita kunge bofu rinopemha..

### Chiito

- i) **Chivezwa chevhu** – kugadzira chivezwa chevhu chemunhu (kureva Jesu). Izvi zvinomiririra Jesu akasangana nebofu. Zvino wedzera chiedza kana girazi pamusoro wake kuratidza uyu Jesu chiedza chenyika. Ita chifananidzo chevhu chemumwe murume kumiririra bofu.
- ii) **Bofu** – wakavharwa maziso, dhirowa mufananidzo wemunhu nembatarisa kuoma kwazvakaita.

## Ndima yeranganiro

**Johani 9:5** Ndichiri munyika, ndiri chiedza chenyika.'

### Chishandiso

Kurukura mibvunzo iyi kuti utungamire mumunamato nezvekuona **mabasa aMwari**

- i) Kana zvinhu zvakaipa zvikaitika, Mwari angapindira sei ochinja mamiriro acho ezvinhu? Chii chikamu chedu?
- ii) Wakamboona shanduko mumhuri yako, mhuri yeshamwari yako, chikoro kana kwaunogara here? Tinogona kunyengererera dzimwe dzeidzi chinjo here?
- iii) Zvakanga zvakaoma kuti murume avimbe naJesu agogezwa padziva. (Angadai akashandisa mvura pedyo.) Zvakadini nokuvimba kwedu naMwari? Zvichida shanduko yatiri kukumbira ichatora nguva yakareba? Zvichida tinofanira kuita zvishoma zvedu, zvakare?

**Uchapupu kubva kuPatna India** Weekend yeNyika Yemunamato 2023 yakaunza ruzivo rwakasimba kuvana nezvebasa redu rekuchengetedza zvisikwa zvakanakisa izvo Mwari akatipa. Anjali, mumwe musikana anobva kunzvimbo yekufunda, zvino anodzima marambi asina kufanira netafeni, anochengetedza mvura nekuvhara pombi, anodyara mirwi, uye kuchengeta nharaunda yake yakachena. Iye zvino ava mumiririri wezvakasikwa, mutarisiri anodada wezvisikwa zvaMwari, uye anogara achikurudzira vanun'una vake neshamwari kuti vabatane naye.

## 2: Zvishamiso zvaMwari



### Inosimbisa nyaya Johani 9:13-23

Vaudza vavakidzani vake kuti akanga ari Jesu akanga amuporesa, vavakidzani vakaendesa murume aimbova bofu kuvaFarisi. Bofu rakatsanangura zvakanga zvaitika. Vamwe vevatungamiriri ava vakati kuvhenganiswa kwematope ekuporesa kwakaitika paSabata. Hapana basa raibvumirwa paSabata; naizvozvo, munhu Jesu aisagona kubva kuna Mwari sezvo akanga ari mutadzi. Vakazara nokusatenda, vaFarisi vakatumira shoko kuvabereki vomurume wacho kuti vasimbise kuti murume wacho akanga ari mwanakomana wavo uye akaberekwa ari bofu. Vakatywa ndokubvunza kuti mwanakomana wavo akanga ava kuona sei. Vakati: *Wakura mubvunzei.*

### Chiito

- i) Vana vaedze nyaya nemazwi avo. Zviite kaviri nevana vachitora zvikamu zvakasiyana.
- ii) **Kamutambo**— Rega vana vaite mutambo nemashoko avo. Zviite kaviri nevana vachitora zvikamu zvakasiyana.
- iii) **Hubs dzechiedza**— Iva nezvikwata zvevana zvinodhirowa mepu ine zvitayera yeguta ravo pachidimbu chekadhibhodhi. Maka nzvimbo dzemachechi nezvikoro. Batanidza

tambo yemwenje ye LED pachikoro chega chega uye chechi. Chinja maraiti kuti avheneke. Kuratidzira kumiririra network yehubs yechiedza ichishandira nekupemberera vana.

### Ndima yendangariro

**Johane 9:15b:** “Aisa dope pameso angu,” murume akapindura, “ndikandoshamba, zvino ndovona.”

### Application

Kurukurai mibvunzo iyi kuti muite munamato pamusoro pekuona zvishamiso **zvaMwari**.

- i) Zvimorevei kusava nechokwadi kana takumbira mumwe munhu kuti atiitire chimwe chinhu?
- ii) Chishamiso chii?
- iii) Ndokupi kwatinoda munana izvozvi? (mhuri, chikoro, nharaunda)

### Uchapupu kubva kuvana vekuZambia

“Ndakadzidza kuti Mwari akasika nyika nezvinhu zvose zviri mairi, uye akapa vanhu basa rokuda uye kutarisa mhuka. “Nyengererani uye muvimbe naMwari. Munogona kuisa chero chinhu mumaoko aMwari; kunyangwe muine dambudziko, Mwari vanogona kukubatsirai nekukutungamirirai. “Tinofanira kuchengeta zvisikwa zvaMwari. Vana vese vanofanira kuenda kuchikoro uye kudzidza.”

## 3: Jesu, Mwanakomana waMwari



### Inosimbisa nyaya Johani 9:24-34

Pashure pokunge vabvunza vabereki vomurume wacho, vaFarisi vakashevedzazve bofu racho ndokuti, *“Ipa mbiri kuna Mwari nokutaura chokwadi. Isu tinoziva kuti murume uyu (Jesu) mutadzi.”* Akapindura akati, *“Kana ari mutadzi kana asiri, ini handizvizivi. Chinhu chimwe chete chandinoziva. Ndakanga ndiri bofu, asi zvino ndoona!”* VaFarisi vakamubvunzazve kuti akanga aporeswa sei. Murume wacho akashamisika kuti nei vaida kuzvinzwazve, achibvunza kuti: *“Munoda kuva vadzidzi vakewo here?”* Ipapo vaFarisi vakamutuka. Mushure mokupupura kwakawanda pamusoro paJesu kubva kumurume uyu, vaFarisi vakamubudisa kunze kwesinagoge, vachiti, *“Wakanga wakanyura muzvivi pawakaberekwa;*

### Mabasa

- i) **Ndiani akati?** –Unganidza vana kuita denderedzwa, wozovavhara kumeso. Sarudza mwana mumwe chete kuti apinde pakati agoti, *“Enda undoshamba mudziva reSiroami.”* Mwana uyu anobva apindazve mudenderedzwa. Vana vanobvisa machira avo uye vanofungidzira kuti ndiani akatora chikamu chaJesu, kubva mukunzwika kwenzwi ravo.
- ii) **Madhaka anodyika** –Isa chokoreti mousse mumikombe. Mumwe mwana anodyisa mumwe nechipunu. Havasi kuisa pameso avo asi mumuromo mavo!

## Ndima yeranganaro

**Johani 9:32-33:** Hakuna akambonzwa nezvokusvinudzwa kwameso omunhu akaberekwa ari bofu. Dai uyu anga asingabvi kuna Mwari, haagona kuita chinhu.

### Application

Kurukura mibvunzo iyi kuti utange kunyengetera nezvokuteerera **Jesu, Mwanakomana waMwari.**

- i) Nei vamwe vana vachiziva kuti Jesu Mwanakomana waMwari uye vamwe vasingazvizivi?
- ii) Ndezvipi zvimwe zvinhu zvinokosha kuziva nezvaJesu?
- iii) Kana munyengetero uchitaura naJesu, isu tingateererawo sei? Unogona here kuteerera Jesu?

### Uchapupu kubva kuAsnath, Tanzania

Asnath ane makore 15 uye akagara naamai vake kubva pakaparara wanano yevabereki vake. Munguva yeWWP muna 2022, akanamata kuti mhuri yake iuye pamwechete zvakare. Gore rino akatiudza kuti, *“Ndinotenda Mwari zvikuru nekuti ane hanya nevanhu vake nguva dzose. Kwenguva refu, baba vangu naamai vangu vakanga vakaparadzana zvokuti vakanga vasingatombotaudzani nomumwe nomumwe wavo. nharembozha. Gore rakapera vakatanga kufonerana. Izvi zvakandipa chivimbo chekuti munguva pfupi iri kuuya vachabatana zvakare. Mwari ngavakudzwe varikupindura munamato wedu nguva dzose.*

## 4: Kutenda muna Mwari



### Inosimbisa nyaya Johani 9:35-41

Jesu akanzwa kuti vaFarisi vadzinga murume (aimbova bofu) kunze kwesinagoge, uye akati amuwana, akati, *“Unotenda here kuMwanakomana woMunhu?”* *“Iye ndianiko, Ishe? Murume uya akabvunza. Ndiudzei kuti ndigotenda kwaari. Jesu akati, “Wamuona zvino ; zvirokwazvo, ndiye unotaura newe.”* Ipapo murume akati, *“Ishe ndinotenda,”* akamunamata. Jesu ipapo akataura nezvoupofu hwomweya uye kuti vamwe vanhu, kufanana navaFarise, havagoni kuona ndokugamuchira kuti Iye Mwanakomana waMwari. Avo vasingatendi vachatongwa vonzi vane mhosva

### Mabasa

- i) Rwiyo** - Ita kuti vechidiki kana vana vagadzire rwiyo rwuri nyore.
- ii) Collage** - Gadzira mufananidzomuhombe nemachira, bepa rine ruvara, kana pendi yezvinhu zvakaitwa naJesu zvinoratidza kuti Mwanakomana waMwari. Gadzirisa izvi kumadziro. Ifukidze nemucheka mutsvuku. Vana vanovhenekera mwenje wekorasi yakavharwa vachishandisa mafoni kana matochi uye vanotaura sezvaiita vaFarisi, *“Chii? Tiri mapofuwo here?”* Bvisa jira, uye zvino, sezvo zvienda zvinovhenekera zvinhu zvakaitwa naJesu, iti, *“Jesu akati, “Ndini chiedza chenyika.”*

### Ndima yeranganiso

**Johani 9:38** Ipapo murume akati, ‘Ishe ndinotenda,’ akamunamata.

### Application

Kurukurai mibvunzo iyi kuti muite munamato pamusoro pekutenda **muna Mwari**.

- i)** Kutenda chii?
- ii)** Kutenda kuti Jesu ndiani uye zvaanogona kuita kwakafanana sei nebofu risingaoni uye richiona?
- iii)** Munofunga kuti Jesu anokwanisa here kushandura mamiriro ezvinhu mudzimba dzedu, mumigwagwa medu, muzvikoro zvedu uye mumakoreji? Unoda kumwe kutenda here kuti utende kuti Anogona kupindura minamato? Wadii kumukumbira kuti adaro?

### Uchapupu kubva kuvana muCambodia:

Vana vakati kunamata pamwe chete kwaive nesimba. Vakataura kuti vakanga vakaita samambo kana kuti mambokadzi sezvavaitungamirira boka guru kundonyengetera. Vatungamiri vemakereke vakabvuma kuti vanofanira kudzidzisa vana, vechizvarwa chinotevera, kuti vagadzirire basa ravo reumishinari.





## CHIEDZA CHENYIKA

World Weekend yeMunaMato | 1-2 Chikumi 2024

### **Kuvhara munamato**

Jesu, muri chiedza chenyika. Makaporesa bofu rakanga risati ramboona kubva pakuzvarwa kwake. Chishamiso. Aifanira kuita basa rake kuti andoshamba paSiroami. Aifanira kuvimba nemi. Ndibatsireiwo ndivimbe nemi Jesu. Ndibatsireiwo kuti ndisave bofu mukufunga kwangu sevaFarisi asi kuti nditarisire kuti muchachinja mamirire akaita zvinhu munzvimbo dzevarombo dzeguta redu. Penyesai chiedza chenyu cheminana mumba mangu, mumigwagwa yangu nepachikoro changu. Ngativei nechokwadi sebofu apo rakazivisa, kuti: "Ishe ndinotenda." Ndinokudai Jesu.

---

Chirongwa cheWorld Weekend of Prayer chirongwa chepasi rose chinoitwa mukupera kwesvondo rekutanga kwaChikumi gore rega-rega, chichibatanidza mazana ezviuru zvevakuru nevana pasi rose. Yakarongwa neViva, sangano rinopa rubatsiro rakazvipira kushandura hupenyu hwevana vakawanda kuti vazadzikise kugona kwavo kwavakapihwa naMwari mumacommunity38 pasi rese. Tsvaga zvimwe pa [www.viva.org](http://www.viva.org).



Registered charity no 1053389